

Pou Piblikasyon Imedya: 25/04/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

PANDAN SEMÈN FÈT LATÈ A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 280 MILYON DOLA KI DISPONIB POU PWOJÈ ESTOKAJ ENÈJI POU KONBAT EFÈ CHANJMAN KLIMATIK YO

Finansman Fè Pati Angajman 400 Milyon Dola pou Atenn Sib 3,000 Megawat Estokaj Enèji Lidè nan Nasyon an New York la

L ap Sipòte Nouvo Akò Ekolojik Gouvènè Cuomo a - ki se yon Pwogram nan kad Ajanda Enèji ak Anplwa Pwòp la k ap Mete New York sou Wout Anvè Netralite Kabòn

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke gen 280 milyon dola sipò ki disponib pou pwojè estokaj enèji yo pou akselere kwasans anndan endistri a epi redui pri deplwaman estokaj enèji pou konstwi yon mache dirab epi ki nan pri abòdab. Finansman sa a, ke yo te anonse pandan Semèn Latè a, fè pati yon investisman 400 milyon dola y ap fè pou atenn sib deplwaman estokaj enèji 3,000 megawat apati 2030 New York la, ki se yon inisyativ lidè onivo nasyonal, epi sipòte Nouvo Akò Ekolojik (Green New Deal) Gouvènè Cuomo a, ki se yon ajanda enèji ak anplwa pwòp k ap mete New York sou wout anvè yon ekonomi net an kabòn.

"Pandan administrasyon federal la refize admèt reyalite devastatè chanjman klimatik yo, New York kontinye investi nan avni li gras a konstriksyon yon sistèm enèji pwòp ki pi efikas", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Estokaj enèji se yon eleman vital pou travay rezistans nou ap fè yo epi finansman sa a pral pèmèt nou devlope endistri a epi kreye djòb pandan n ap kontinye wout nou pou nou atenn pi gran sib estokaj enèji nan peyi a."

"Nou ap investi nan pwojè ak pwogram yo pou fè vanse objektif enèji agresif nou yo atravè eta a", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Finansman sa ap kontinye efò nou ap fè pou nou sipòte pwojè enèji pwòp ak estokaj enèji yo, sa k ap devlope endistri a epi kreye bon jan djòb. New York ap trase chemen an pou rès nasyon an pou asire gen yon anviwònman ki pi pwòp ak pi ekolojik pou jenerasyon k ap vini yo epi n ap travay pou nou konbat efè chanjman klimatik yo."

Estokaj enèji amelyore efikasite rezo elektrik la lè yo kapte enèji anplis apati sous enèji ewolyèn oswa solè epi estoke enèji anplis sa a nan batri endistriyèl pou yo ka itilize lè yo bezwen. Pi enpòtan ankò, estokaj enèji yo pral pèmèt resous sa yo tou reponn a bezwen pandan peryòd ki gen anpil demann yo.

[Pwogram Ensitasyon Pon Akselerasyon Mache \(Market Acceleration Bridge Incentive Program\)](#) Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) pral ede ankouraje sib

estokaj enèji 1,500 megawat apati 2025 Eta a, sa k ap sipòte yon mache otonòm pou Eta a. Finansman an disponib nan de kategori:

- 150 milyon dola pou pwojè estokaj angwo yo: sistèm ki gen plis pase senk megawat ki prensipalman ofri enèji oswa distribisyon sou mache angwo.
- 130 milyon dola nan pwojè estokaj an detay: sistèm nan lokalite kliyan yo ki gen mwens ke senk megawat yo, ki pi piti epi ke yo enstake pou kont yo oswa akonpaye ak yon sous ki jenere enèji sou plas, tankou enèji solè

Yo pral distribiye sipò pou pwojè estokaj an detay yo atravè Pwogram Ensitasyon Estokaj Enèji Andetay la (Retail Energy Storage Incentive Program), ki se yon sistèm an blòk ki gen yon megawat alè, ke yo konsevwa prèske menm jan ak pwogram reyisi Blòk Megawat NY-Sun Eta a. Pwogram Ensitasyon Estokaj Enèji Andetay la divize an de rejyon: Vil New York ak rès eta a, eksepte Long Island. Yo asiye kantite ensitasyon yo bay chak rejyon epi apresya yo redui yo avèk letan baze sou aktivite mache a selon sektè a ak rejyon an. Yo ofri ensitasyon yo sou baz premye ki rive, se premye yo sèvi epi yo kalkile yo dapre kapasite estokaj enèji yo enstale ki itilizab an kilowat alè. Ensitasyon yo rete disponib jiskaske tout blòk ki anndan rejyon/sektè a konplètman abòne.

Pwojè estokaj angwo yo gen de opsyon pou yo resevwa finansman ensitasyon yo: Yon montan ensitasyon fiks, k ap redui chak ane rive an 2025, oswa atravè yon Demann pou Pwopozisyon (Request for Proposal, RFP) pou estokaj sèvis piblik angwo, ke yo pral pibliye nan fen ane sa a. Pwojè yo gendwa resevwa finansman nan yon kategori ensitasyon sèlman.

Anplis de 280 milyon dola ki disponib jodi a, gen yon lòt 70 milyon dola ankò NYSERDA ap atribiye alavni sou baz opòtinite ki gen pi plis potansyèl pou yo sipòte yon mache estokaj otonòm. Yo pral mete 53 milyon dola nan fon Inisyativ Gaz A Efè Sèr Rejyonal la (Regional Greenhouse Gas Initiative) disponib nan fen ane sa a pou pwojè estokaj angwo ak andetay ki espesifikman lokalize nan Long Island. NYSERDA pral òganize [yon seminè anliy 2 Me](#) pou sila ki enterese nan ensitasyon angwo yo epi ap gen yon dezyèm [seminè anliy 3 Me](#) fpou sila ki enterese nan ensitasyon andetay yo.

Selon yon rapò resan ki te pwodwi pa American Jobs Project, New York se lakay prèske 100 konpayi estokaj enèji ki gen ekspètiz nan fabrik materyèl, materyèl avanse yo, devopman pwogram enfòmasyon, ak jesyon pwojè, epi li klase senkyèm nan nasyon an pou patant estokaj enèji yo akòz pwofondè rechèch atravè inivèsite, laboratwa nasyonal, ak biznis li yo. Rapò a te jwenn ke yo te anplwaye 3,450 moun nan endistri estokaj enèji a nan New York, sa k ap jenere prèske 1 milya dola nan resèt anyèl.

Anons jodi a se dènye nan yon seri mezi Gouvènè Cuomo te pran pou akselere sektè estokaj enèji a nan Eta New York. Mwa jen dènye, Gouvènè a te pibliye Plan Daksyon pou Estokaj Enèji New York la (New York's Energy Storage Roadmap), ki te edantifye rekòmandasyon pou pèmèt New York satisfè sib 1,500 megawat estokaj enèji deplwaye apati 2025 li an, epi benefisye de avantaj solisyon presye sa a. An desanm ki sot pase la, Gouvènè Cuomo te anonse yon dezyèm sib 3,000 megawat apati 2030, ki se pi gran sib nan peyi a, ki pral pote plis pase 4 milya dola nan benefis bri pou Nouyòkè yo epi evite degajman de milyon tòn metrik dyoksid kabòn. An desanm ki sot pase a tou,

Komisyon Sèvis Piblik la (Public Service Commission) te pibliye yon Òdonans ki Tabli Objektif Politik ak Deplwaman Estokaj Enèji a (Order Establishing Energy Storage Goal and Deployment Policy), ki te adopte toude sib sa yo epi apwouve itilizasyon finansman ensitasyon yo.

Anplis de sa, pou yo ka plis estimile deplwaman estokaj enèji toupatou atravè eta a epi ankouraje sektè prive a envesti, Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) te pibliye yon Demann Enfòmasyon (Request for Information, RFI) pou idantifye konpayi estokaj batri ki entèrese patisipe ansanm nan demann konpetitif oswa lòt deplwaman estokaj enèji anndan Eta New York. RFI a ouvè pou devlopè estokaj enèji yo, entegratè batri yo oswa lòt konpayi, k ap itilize teknoloji batri iyon lityòm nan aplikasyon yo agrand echèl. Pou w jwenn aksè a RFI a, vizite pajwèb [apwovizyonman NYPA](#) a sou non Opòtinite Komen pou Estokaj Enèji (Energy Storage Joint Opportunities) Q19-6681MH. Delè pou repons yo se dat 13 Me.

Resaman tou, Gouvènè Cuomo te anonse yon [Patenarya Defi Inovasyon \(Innovation Challenge partnership\)](#) ak Laboratwa Avni Iben (Urban Future Lab) nan Faklite Jeni Tandon New York University la (New York University Tandon School of Engineering) pou sipòte pwogram pilòt avanse ki demontre nouvo teknoloji ak biznis modèl pou estokaj enèji ak veyikil elektrik yo. NYSERDA te mete 22 milyon dola disponib tou nan Fon Enèji Pwòp la (Clean Energy Fund) pou finanse alafwa pwojè estokaj enèji ki deja komèsyalize yo ak teknoloji ke yo poko komèsyalize men ki sipòte sous enèji renouvlab yo nan New York.

Alicia Barton, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare, "Mezi kouraje yo pran jodi a se youn nan pi gran angajman yo pran anvè estokaj enèji nan peyi a epi l ap konstwi endistri estokaj enèji a pandan l ap kreye kwasans ekonomik pou fè vanse angajman Gouvènè Cuomo pran pou l lite kont chanjman klimatik la. Tank y ap pote plis resous enèji renouvlab tankou enèji ewolyèn ak solè anliy, estokaj enèji a pral ranfòse efikasite rezo elektrik la pou l pi byen entegre resous varyab sa yo, epi ofri Nouyòkè yo yon sistèm enèji ki pi pwòp, ak pi fyab".

Direktè Egzekitif Jeneral Depatman Sèvis Piblik la (Department of Public Service), John B. Rhodes te deklare, "Estokaj enèji se yon eleman enpòtan anpil nan kad Nouvo Akò Ekolojik Gouvènè Cuomo a, paske l ap ede pwomouvwa efikasite sous enèji renouvlab yo, tankou enèji ewolyèn ak solè yo anjeneral. Nouyòkè yo vle epi yo mande yon rezo elektrik ki pi pwòp, epi estokaj enèji se yon eleman fondamantal pou rann dezi sa a vin yon reyalyte".

Gil C. Quiniones, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Enèji New York yo, te deklare, "Agrandisman estokaj enèji se yon eleman kle nan kad efò pou konstwi fleksibilite nan rezo a epi fè vanse solisyon enèji renouvlab yo pou nou ka gen yon apwovizyonman enèji efikas ak fyab espesyalman nan tan ki gen plis demann enèji yo ak pandan ijans yo. NYPA nan yon bon pozisyon pou nou ankouraje sektè prive a envesti nan estokaj enèji epi kolabore ak nouvo patnè yo pandan n ap chache inovasyon pwochèn jenerasyon ki pral ogmante efikasite epi rann sistèm enèji a pi pwòp ak pi ekolojik".

Senatè Kevin Parker te deklare, "Investisman nan estokaj enèji se yon etap vital nou bezwen pran pou asire nou gen yon avni enèji pwòp. Antanke Prezidan Komite Enèji ak Telekomunikasyon an (Energy and Telecommunications Committee) mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske l kreye inisyativ anbisye sa a nan kad efò pou rann sèten ke nou sou labòn vwa epi atenn objektif sib yo te prezante nan Nouvo Akò Ekolojik la yo".

Manm Asanble a Michael Cusick te deklare, "Estokaj enèji se kle pou debloke potansyèl konplè resous enèji renouvlab yo, ki gen ladan enèji ewolyèn ak solè. Lè l pèmèt operatè rezo yo tabli yon tan dekalaj pou pwodiksyon enèji entèmitan, teknoloji estokaj enèji pral rann li posib pou yo ogmante itilizasyon enstalasyon zewo degajman yo nan fason konsiderab. Mwen vrèman kontan anpil pou anons jodi a epi mwen atann pou m travay ak patnè nou yo nan gouvènman ak endistri a pou n kreye yon rezo ki pi pwòp pou jenerasyon k ap vini yo".

Kelly Speakes-Backman, ki se Direktris Egzekitif Jeneral Asosiyasyon Estokaj Enèji (Energy Storage Association), te deklare, "Angajman NYSERDA pran montre ke New York detèmine pou atenn sib 2030 li yo, epi li voye yon siyal klè bay endistri estokaj enèji a pou yo investi, anboche ak inovè nan Empire State la. Lansman Pwogram Ensitasyon Pon Akselerasyon Mache a ap ankouraje endistri a investi kounye a, alafwa nan rezo elektrik la, nan kay ak nan biznis yo, pandan fonksyonè New York yo ap rafine règ yo pou kreye yon mache dirab pou sèvis estokaj enèji yo".

Miles Farmer, ki se Avoka Prensipal, Klima ak Enèji Pwòp nan NRDC a te deklare, "Relansman rapid endistri estokaj enèji a pral kreye ranplasman fyab pou santral elektrik a konbistib fosil ki pi ansyen ak pi sal New York la yo, ki pandan twò lontan te redui esperans lavi anpil moun epi kontribiye nan maladi opresyon ak lòt maladi grav ankò nan kominite ki pi defavorize New York la yo. Pandan eta a ap vanse pou atenn objektif enèji pwòp anbisye li yo, estokaj pral ede ranfòse rezo a pandan l ap redui polisyon lè danjre a epi pwoteje sante piblik".

Dr. William Acker, ki se Direktè Egzekitif NY-BEST, te deklare, "Estokaj enèji pral jwe yon wòl enpòtan anpil nan kad efò pou pèmèt nou gen yon rezo san kabòn, sa k ap amelyore efikasite sistèm elektrik la, epi estimile kwasans ekonomik. NY-BEST felisite Gouvènè Cuomo ak Eta New York pou lidèchip yo ak mezi transfòmasyon yo ap pran pou akselere deplwaman mache estokaj enèji a pou pote avantaj enèjetik, ekonomik ak anvivòmantal sa yo nan Eta New York".

Nouvo Akò Ekolojik Eta New York la

Nouvo Akò Ekolojik Gouvènè Andrew M. Cuomo a, ki se ajanda lidè nan nasyon an nan enèji pwòp ak djòb, pral pran mezi agresif pou mete Eta New York sou wout pou netralite kabòn onivo tout ekonomi an. Inisyativ sa a pral ofri yon tranzisyon ekitab anvè enèji pwòp, sa k ap estimile kwasans ekonomi ekolojik la, epi, mande pou New York itilize 100 pousan enèji pwòp ak san kabòn apati 2040, ki se youn nan objektif ki pi agresif nan Etazini. Pilye nouvo manda yo fenk pwopoze la ap yon ogmantasyon konsiderab k ap genyen nan kad inisyativ Estanda Enèji Pwòp (Clean Energy Standard) reyisi New York la, k ap pase a 70 pousan kouran renouvlab apati 2030. Nan kad ogmantasyon enèji renouvlab san presedan sa a, New York te deja investi 2.9 milya dola nan 46 pwojè enèji renouvlab agrand echèl toupatou atravè eta a pandan y ap grandman ogmante sib enèji pwòp yo. Sib sa yo gen ladan: kadriple sib enèji ewolyèn

olaj zòn kot yo pou vin 9,000 megawat apati 2035, ki yon sib lidè onivo nasyonal; double deplwaman solè yo distribye yo vin 6,000 megawat apati 2025; epi deplwaye 3,000 megawat estokaj enèji apati 2030. Pou sipòte travay anbisyè sa a, NY Green Bank gen entansyon pou itilize ekspètiz li pou simonte defisi finansye yo pou ankouraje pi gwo enpak anviwònmanal pou chak dola piblik nan kolekte plis pase 1 milya dola nan fon pati tyè yo pou agrandi disponibilite finansman pou klima nan tout New York ak rès Amerik di Nò a.

Refòm Vizyon Enèji a (Reforming the Energy Vision, REV)

Nouvo Akò Ekolojik la ap ajoute sou estrateji Refòm Vizyon Enèji monimantal Gouvènè Andrew M. Cuomo genyen pou mennen nan chanjman klimatik yo epi devlope ekonomi New York la. REV ap konstwi yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi rezistan epi pi abòdab pou tout moun New York yo lè yo favorize envestisman nan teknoloji enèji pwòp yo tankou enèji solè, ewolyèn, efikasite enèjetik ak estokaj enèji. Deja, REV te atire prèske 1,500 pousan kwasans nan mache enèji solè nan tout eta a, abòdabilite enèji ki amelyore pou 1.65 milyon kliyan ki gen revni fèb, epi favorize plis pase 150,000 pòs travay nan manifakti, enjenyeri, ak lòt sektè teknoloji pwòp yo atravè Eta New York.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Nouvo Akò Ekolojik la ak REV, vizite rev.ny.gov, swiv nou sou [Twitter](#), [Facebook](#), ak [LinkedIn](#).

###

Lèt nouwèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)